

Mèsi paske w te pran tan pou w patisipe nan seyans diskisyon ouvè sou swen jere yo. Apeprè 1,000 moun te patisipe nan yon seyans. Anba a, w ap jwenn yon apèsi sou seyans yo ak reyaksyon patisipan yo.

**Kòmantè nan Seyans Diskisyon Ouvè yo ak Gwoup Diskisyon yo**

Guidehouse ap evalye sistèm livrezon sèvis Biwo Eta New York pou Moun ki gen Andikap Devlopmanal yo (OPWDD) pou bay rekòmandasyon konsènan yon tranzisyon potansyèl nan swen jere oswa yon lòt sistèm livrezon sèvis ki ta ka ede OPWDD pi byen sipòte moun ki gen andikap devlopmanal yo. Pou konprann ki jan yo ap sipòte moun kounye a, Guidehouse te fè reyinyon piblik ak Founisè yo ak Òganizasyon Kowòdinasyon Swen yo (CCO) ak moun ki gen andikap devlopmanal, manm fanmi yo ak lòt sipò natirèl. Tablo 1 an mete aksan sou sesyon yo te konplete pou Founisè ak CCO yo ak kantite patisipan ki te nan chak sesyon.

**Tablo 1: De seyans ak Founisè ak CCO yo**

Seyans	# Patisipan yo
<b>26 Septanm</b>	139
<b>28 Septanm</b>	137
<b>Total</b>	<b>276</b>

Tablo 2 bay yon apèsi sou kòmantè komen yo te resevwa nan men patisipan yo pandan sis seyans yo ak Founisè yo ak CCO yo.

**Tablo 2: Kòmantè Founisè yo ak CCO yo**

<b>Sipò ak Sèvis Aktyèl yo</b>	
Aksè nan Sèvis yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kesyon sou si yon sistèm swen jere pral amelyore aksè nan sèvis pou moun ki gen andikap devlopmanal.</li> <li>Bezwen etabli yon fason pratik pou jwenn aksè nan sèvis OPWDD yo epi gide moun atravè pwosesis kalifikasyon an.</li> </ul>
Oto-Direksyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>Reta nan apwobasyon sèvis oto-dirije yo.</li> </ul>
Swen Dantè	<ul style="list-style-type: none"> <li>Enkyetid konsènan aksè nan swen dantè, tan datant long ak tan depasman pou moun ki gen bezwen konplèks.</li> </ul>
Aksè nan Zòn ki Lwen yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>Aksè limite nan sèvis yo pou zòn ki lwen yo</li> </ul>
Sèvis Navigasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>Founisè yo gen difikilte pou oryante yo nan sèvis yo</li> </ul>
Doub Avantaj Entegre Totalman pou Moun ki Gen Andikap Entelektyèl ak Devlopmanal (FIDA-IDD)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Gen yon mank founisè paske sistèm founisè yo pa patisipe nan pwogram pilòt la</li> </ul>
<b>Mendèv</b>	
Rekritman ak Retansyon anplwaye yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>Difikilte nan rekritman ak kenbe anplwaye ki kalifye ak ki resevwa fòmasyon.</li> </ul>
Fòmasyon Anplwaye yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>Bezwen pou founisè yo resevwa fòmasyon kòrèkteman epi yo vle bay sèvis pou moun ki gen andikap devlopmanal.</li> <li>Mande pou fòmasyon anplwaye yo ka transfere nan lòt ajans yo</li> </ul>
To Peman Anplwaye	<ul style="list-style-type: none"> <li>To Peman Pwofesyonèl Sipò Dirèk (DSP) Ensifizan</li> </ul>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Yo pa pran bezwen konplèks an konsiderasyon nan tarif founisè sèvis yo.</li> <li>• Enkyetid konsènan fason limit to yo nan yon sistèm swen jere pa pral ede rezoud kriz anplwaye a.</li> </ul>
<b>Modèl Livrezon Swen</b>	
Swen Jere	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Opinyon Divèjan sou Enplimantasyon swen jere</li> <li>• Ouvè ak lide pou anvizaje swen jere pou konble twou vid ki genyen nan sistèm lan</li> <li>• Enkyetid konsènan depans administratif pou Òganizasyon Swen Jere yo ki afekte peman founisè swen yo</li> <li>• Enkyetid konsènan fason Òganizasyon Swen Jere yo ka pa konsantre sou bezwen moun yo pou sèvis yo.</li> <li>• Ajans ak moun ki gen andikap devlopmanal yo dwe prepare pou yon lòt sistèm livrezon sèvis paske yo deja gen difikilte ak sistèm aktyèl la.</li> <li>• Li enpòtan pou tout moun ki konsène yo vle ale nan yon sistèm swen jere</li> </ul>
Modèl Founisè Dirije	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Yo ta dwe konsidere yon modèl founisè ap dirije paske modèl sa yo pèmèt kominikasyon ant jesyonè swen yo.</li> </ul>
Sistèm Fleksib	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bezwen pou yon sistèm ki pi fleksib ki baze sou rezilta epi ki fasilite mouvman atravè sistèm nan</li> </ul>
<b>Transparans nan Done ak Kominikasyon</b>	
Done ak Konfòmite	<ul style="list-style-type: none"> <li>• OPWDD bezwen plis baze sou done.</li> <li>• Òganizasyon Swen Jere yo ta dwe gen plis enfòmasyon ak konfòmite.</li> <li>• Li enpòtan pou konprann mezi ak done pou amelyore kapasite ak kalite travay yo.</li> </ul>
Done sou Nivo Gravite yo	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nivo gravite yo pa toujou reflekte bezwen aktyèl moun ki gen andikap devlopmanal yo.</li> </ul>
Mezire Pwogrè nan Swen	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rezilta pozitif nan zafè sante enpòtan epi yo dwe jwenn fason pou mezire pwogrè yo sans sa</li> </ul>
Kominikasyon ak Transparans	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enkyetid sou chanjman reglemantasyon nan absans bon kominikasyon</li> </ul>
Angajman Kominotè	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Mank opòtinite pou patisipasyon nan kominote a pou moun ki gen andikap devlopmanal.</li> <li>• Mete moun ki gen andikap devlopmanal yo nan konvèsasyon yo sou done ak pwosesis pou pran desizyon sou politik yo.</li> </ul>
<b>Chaj Administratif</b>	
Biwokrasi	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enkyetid konsènan biwokrasi ak règ administratif OPWDD yo</li> </ul>
Pwosesis Administratif	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kòmantè divèjan sou si Swen Jere pral amelyore oswa diminye pwosesis administratif aktyèl yo             <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gen kèk ki di swen jere ka akselere pwosesis ak apwobasyon pou sèten sèvis.</li> <li>• Gen lòt ki kwè swen jere pral agrave pwosesis administratif yo ki te deja fatigan.</li> </ul> </li> </ul>

## **Anèks A – Kesyon Gwoup Diskisyon Founisè yo ak CCO yo**

W ap jwenn anba a, kesyon pou gwoup diskisyon yo teo itilize pou gide konvèsasyon yo ak gwoup founisè yo ak CCO yo.

1. Ki obstak òganizasyon w lan rankontre nan pran swen moun ki gen andikap entelektyèl ak devlòpmantal?
2. Kiyès nan eleman pwogram sa yo ki pi enpòtan/mwens enpòtan pou ou?
  - a. Kapasite pou pran swen moun òganizasyon w lan bay swen yo
  - b. Konbyen yo peye founisè pou sèvis yo bay yo
  - c. Fasilite founisè sèvis yo fè aktivite yo (chaj administratif)
  - d. Disponibilite sipò pou founisè yo pou ede yo kowòdone swen pou moun òganizasyon yo pran swen yo.
3. Ki sa ou panse sou swen jere?
  - a. Ki opòtinite ou panse swen jere ka ofri sistèm livrezon sèvis aktyèl la pa ofri?
  - b. Èske w gen nenpòt enkyetid?
4. Èske w panse swen jere gen potansyèl pou gen yon enpak (pozitif oswa negatif) sou sa ki annapre yo?
  - a. Sèvis ak Sipò Alontèm-LTSS Jere
  - b. Swen ki santre sou moun ak jesyon ka entegre
  - c. Sèvis medikal-sosyal
  - d. Pwogram prevansyon ak byennèt
  - e. Edikasyon ak sansibilizasyon
  - f. Estanda ak pwogram kalite
  - g. Ranbousman
  - h. Pi bon aksè
  - i. Kenbe founisè sèvis ki kalifye yo
5. Èske gen yon lòt bagay ou ta renmen di nou sou eksperyans ou kòm founisè/CCO ak moun òganizasyon w ap pran swen yo?